



Evite Vyolans aprè yon Dezas Natirèl

Haitian Creole translation of "Preventing Violence after a Natural Disaster"

<http://www.bt.cdc.gov/disasters/hurricanes/katrina/preventingviolence.asp>

Anpil pwoblèm ki asosye ak deranjman nan fanmi yo; difilkte pou pran swen bezwen yo tankou manje, dlo, avèkabri; epi tou deranjman nan sèvis sante ak la lwa ka ogmante posibilite pou vyolans. Metòd pou evite vyolans aprè yon dezas natirèl dwe mete anpil aksan nan asiste moun ki bezwen èd avèk devlope gwoup sipò pou ede ak responsablite moun genyen chak jou.

Evite Maltrete Timoun yo
Evite Maladi lè yo Souke Tibebe yo
Kontwòl pwoblèm nan Relasyon yo
Evite Vyolans Seksyèl
Evite Swisid
Evite Vyolans ant Jèn yo

Evite Maltrete Timoun yo

- **Ou dwe yon paran ki bay bon swen.** Aprè yon dezas natirèl paran yo gen plis pwoblèm. Li enpòtan pou w kontinye pran swen timoun yo. Reyaksyon paran yo afekte timoun yo anpil.
- **Konsole timoun nan lè l kriye.** Pa janm souke yon timoun – lè w souke yon timoun li ka lakòz blesi oubyen lanmò.
- **Kite timoun yo an sekirite.** Li enpòtan pou w toujou konnen ak kiyès timoun nan ye epi ki kote li ye.
- **Mande èd.** Si w santi w gen presyon mande zanmi ou konfyè, fanmi, avèk lòt paran pou ede ou. Lè w gen pwoblèm, li enpòtan pou w pran tan pou rekreyasyon.
- **Si w wè timoun ki pou kont yo, mennen yo bay moun ki an chaj yo.** Lè w fè sa, li ede idantifye timoun ki pa gen paran oubyen ki separe ak fanmi yo jwenn swen spesyal.
- **Si w sispèk abi oubyen negligans di sa.** Si w kwè yo te maltrete yon timoun oubyen yo ka maltrete timoun nan, di otorite yo sa oubyen rele Liy Dirèk pou Kriz Nasyonal pou viktim Siklòn Katrina a nan 1-800-273-TALK (1-800-273-8255).

Pou plis enfòmasyon, vizite [Child Maltreatment Prevention Fact Sheet](#)

Evite Maladi lè yo Souke Tibebe yo

- **Pa souke tibebe a.** Lè w souke timoun nan nan zepòl, bra, oubyen janm sa ka lakòz blesi oubyen lanmò.
- **Eseye jwenn rezon ki fè timoun nan ap kriye.** Fè tout mwayen ki posib pou timoun nan jwenn tout swen l bezwen (manje, kouchèt, si l genyen tròp rad oubyen si rad yo pa ase, etc...) Epi tou, tcheke siy pou w wè si l malad oubyen si l gen doulè, tankou gratèl kouchèt.
- **Konsole ti bebe w la.** Eseye mase do li, donine l tou dousman pandan ou ba li yon souset epi chante pou li oswa pale.
- **Al Mache.** Al mache ak timoun nan nan chèz pousèt oubyen nan yon machin ki genyen chèz pou pwoteje timoun nan.
- **Pran tan pou rekreyasyon.** Li nòmal pou tibebe yo kriye anpil. Sa ka bay paran an pwoblèm. Lè w santi w dekouraje oubyen fache, pran yon ti tan pou w relaks epi pou w kalme w sa a ede w redwi presyon ou santi a.
- **Pale ak yon moun.** Pale avèk yon bon zanmi oubyen yon manm nan fanmi an pou w di yo kijan w santi w. Sa ap ede ou pran yon ti tan pou w distrè ou e pou kalme ou.
- **Si w benzwn plis enfòmasyon sou pi meyè fason pou w pran swen yon tibebe kap kriye,** rele Liy Dirèk pou Kriz Nasyonal pou viktim Siklòn Katrina a nan 1-800-273-TALK (1-800-273-8255).

Evite Vyolans aprè yon Dezas Natirèl
(kontinye soti nan paj avan sa a)

Pou plis enfòmasyon, vizite [Shaken Baby Syndrome Fact Sheet](#)

Kontwole Pwoblèm nan Relasyon yo

- **Si'w wè yon bagay, pran aksyon.** Si'w wè yon moun k'ap fè vyolans, pran aksyon. Si'w santi'w an sekirite, retire moun ki danje a nan sityasyon vyolans la. Si'w pa santi'w an sekirite, enfòme moun ki an chaj yo ke genyen danje.
- **Mande sipò.** Si'w santi'w an danje, chache sipò nan men yon moun ou konfye tankou yon konseye, zanmi ak fanmi, avèk klinik. Sa ap ede'w rete an sekirite.
- **Pa sèvi ak dròg oubyen alkòl.** Yo ka ogmante presyon ak kè sote, epi sa ka mete ou nan sityasyon kote yo ka atake ou.
- **Pran tan pou rekreyasyon.** Relasyon yo ka vin gen plis pwoblèm lè fanmi yo ap eseye ranplase kay ak travay yo te pèdi avèk lè yap chache lapè. Si'w santi'w gen pwoblèm, pran yon ti tan pou'w distre tèt ou.
- **Kontinye fè aktivite – Pran plis angajman.** Fè travay volontè nanabri a, nan kominote a, oubyen nan lekòl la.
- **Si'w santi ka vin genyen vyolans nan relasyon an,** oubyen si'w santi gen lòt moun ki nan risk, enfòme moun ki an chaj yo, oubyen rele Liy Dirèk pou Kriz Nasyonal pou viktim Siklòn Katrina a nan 1-800-273-TALK (1-800-273-8255).

Pou plis enfòmasyon, vizite [Intimate Partner Violence Prevention Fact Sheet](#)

Evite Vyolans Seksyèl

- **Pran aksyon.** Si'w wè y'ap atake yon moun, pran aksyon. Si'w santi'w an sekirite, pran aksyon, retire moun nan nan menm asasen an. Si'w pa santi'w an sekirite, di moun ki anchaj la sak rive.
- **Kenbe tèt ou an sekirite.** Pran prekosyon pou'w ka an sekirite. Pa rete pou kont ou. Si l posib, rete avèk gwoup zanmi ou konfye.
- **Ale kote ki an sekirite.** Si l posib, ale kote ki genyen anpil moun.
- **Evite dròg ak alkòl.** Yo ka fè w sant w gen plis presyon epi ou ka enkyete plis, yo ka fè'w ale kote yo ka atake ou.
- **Chache Sipò.** Si w se yon viktim vyolans seksyèl oubyen ou konnen yon moun ki se yon viktim, pale avèk yon zanmi oubyen yon manm fanmi. Yo ka ofri ou sipò ou bezwen.
- **Si vyolans seksyèl rive,** chake yon moun ou konfye pou w di sa, oubyen rele Liy Dirèk Rape Abuse and Incest National Network nan 1-800-656-HOPE.

Pou plis enfòmasyon vizite [Sexual Violence Prevention Fact Sheet](#)

Evite Swisid

- **Rete an kominikasyon ak fanmi ou.** Si l posib, rete an kominikasyon ak zanmi, fanmi, ak vwazen sa ka ede'w ak pwoblèm ak pèt ki ka rive aprè yon dezas natirèl.
- **Chache èd nan men pwofesyonèl.** Mande doktè avèk lòt lidè ki genyen edikasyon pou ede moun.
- **Kontinye fè aktivite.** Al mache oubyen patisipe nan aktivite an gwoup pou ede'w rete aktiv.
- **Rete okipe –** ede lòt moun nanabri a, nan kominite a oubyen nan lekòl la.
- **Si ou menm oubyen yon moun ou konnen ap panse pou l tiye tèt li,** rele Liy Dirèk pou Kriz Nasyonal pou viktim Siklòn Katrina a nan 1-800-273-TALK (1-800-273-8255).

Pou plis enfòmasyon vizite [Suicide Prevention Fact Sheet](#)

Evite Vyolans aprè yon Dezas Natirèl
(kontinye soti nan paj avan sa a)

Evite Vyolans ant Jèn yo

- **Respekte lòt moun epi konnen enpòtans diferans ant youn ak lòt.** Men m si w tansi w gen pwoblèm oubyen ou enkyete pa toumante, tankinen, oubyen pale moun mal.
- **Angaje tèt ou nan netwayaj la.** Ede nan netwayaj kominote a epi ede nan efò yap fè pou pote sekou.
- **Evite dròg ak alkòl.** Yo ka fè w santi w gen plis pwoblèm epi ou ka enkyete plis epi yo ka fè w ale kote yo ka atake ou.
- **Aprann lòt fason pou w rezoud kont ak batay.** Diskite kont lan san w pa rele fò, frape, oubyen pouse, epi di zanmi w yo pou yo fè menm bagay la tou.
- **Pa pote zam.** Lè w pote zam li pa ede w gen plis sekirite, souvan li lakòz kont epi sa ka fè gen plis chans pou'w mete tèt ou nan gwo danje ki ka lakoz pou blese grav.
- **Si w konnen yon moun ki genyen plan pou l atake yon lòt moun – di sa.** Di yon granmoun ou konfyè, tankou yon konseye oubyen paran ou. Si'w santi'w pè epi ou panse si'w di sa w'ap an danje oubyen sa ka lakòz moun nan chèche revanj, rele otorite yo oubyen rele Liy Dirèk pou Kriz Nasyonal pou viktim Siklòn Katrina a nan 1-800-273-TALK (1-800-273-8255).

Pou plis enfòmasyon, vizite [Youth Violence Prevention Fact Sheet](#)